



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 9 me 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN \$100 MILYON DOLA NAN PWOJÈ REYABILITASYON WOUT**

### ***Plis pase 300 Mayl Wout Long Island ki te Kraze pandan Michan Ivè a pral Repare***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse gen plis pase \$100 milyon pwojè reyabilitasyon wout ki pral kòmanse ane sa sou 300 mayl wout Long Island ki kraze pandan michan Ivè a. Pwojè Depatman Transpò Eta New York sa yo (NYSDOT) akselere nan sezon konstriksyon sa pou chofè Long Island ka jwenn soulajman.

“Aprè michan ivè ane sa, Eta a ak patenè federal nou yo ap angaje yo ak plis pase \$100 milyon nan pwojè amelyorasyon otowout pou repare ak rekonstri wout Long Island ki kraze nan ivè,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Ak akselerasyon pwojè sa yo, n ap pèmèt machin woule pi fasilman sou wout pi difisil yo atravè Long Island epi amelyore sekirite ak deplasman nan kominote nan zòn nan.”

Depandan kote a, pwojè reyabilitasyon wout NYSDOT yo pral gen ladann retire premye kouch revètman ki abime sou tout vwa ak akòtman, reparasyon semèl beton ak/oubyen asfat, amelyorasyon drenaj, epi enstalasyon yon nouvo sifas asfat pou machin woule. Yo pral ranplase detektè machin siyalizasyon sikilasyon epi mete mak fre sou revètman yo.

Komisè NYSDOT a, Joan McDonald, te di konsa, “Anba lòd Gouvènè Cuomo, nou te idantifye wout ki pi kraze yo, epi te itilize tout resous nou te jwenn pou akselere pwojè reyabilitasyon wout sa yo. Pandan peryòd konstriksyon an, nou pral eseye evite pou sikilasyon kanpe.”

Amelyorasyon otowout yo pral satisfè objektif inisyativ Drivers First Gouvènè Cuomo a pou asire konstwiksyon an ap lakòz mwens konsekans posib pou chofè yo. Pi fò travay yo pral fèt pa etap lè pa gen sikilasyon ak pandan lannwit. Chofè, minisipalite lokal ak otorite, ak pèsònèl sèvis ijans pral alète alavans lè vwa sikilasyon yo ap fèmen.

Senatè Charles E. Schumer te di konsa, “Move tan ivè sa kraze wout Long Island, epi investisman enpòtan ak akselere sa nan wout rejyon an se yon investisman entelijan ki pral amelyore wout plen twou nou yo epi bay chofè Long Island soulajman.”

Haitian Creole

Kongrèsman Steve Israel te di konsa, “Amelyorasyon wout lokal nou yo se yon gwo nesosite pou ekonomi rejyon nou an. Mwen pral kontinye goumen pou jwenn bourad lajan pou enfrastrikti New York. Map felisite Gouvènè a pou efò li pou repare kèk nan wout tan plis kraze nan rejyon an pandan tou n ap bay chofè Long Island mwens pwoblèm posib.”

Kongrèsman Tim Bishop te di konsa, “Nou dwe kontinye kenbe epi amelyore enfrastrikti nou yo, san bliye wout nou yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak Eta New York pou investisman sa yo fè nan wout moun Long Island itilize pou yo ale nan travay ak rantrè lakay yo.”

Kongrèswoman Carolyn McCarthy te di konsa, “Chak ane, vwayaje nan Konte Nassau ak sou Long Island vin pi difisil. Apre yon ivè ki te di konsa, wout nou yo bezwen gwo reparasyon. Bourad lajan sa pral founi plizyè milye moun Long Island wout solid, pou vwayaje san danje epi pral ede amelyore enfrastrikti transpò nou yo.”

Kolidè Majorite Sena a, Dean G. Skelos, te di konsa, “Mwen kontan Gouvènè a jwenn resous pou akselere \$100 milyon dola nan pwojè konstriksyon sou Long Island, san bliye travay ki bezwen fèt sou Nassau Expressway san pèdi tan. Amelyorasyon ki planfiye yo se yon priyorite prensipal pou mwen ak pou votan mwen yo epi mwen espere travay ak Gouvènè a pou n fè reyalizasyon sa. Apre yon ivè difisil anpil, New York ap travay di pou repare ak rekonstwi wout li yo pou asire vwayaj fasil epi bay vwayajè ak fanmi yo sekirite.”

Senatè Carl. L. Marcellino te di konsa, “Sezon di ivè a kraze wout nou yo nan tout Long Island. Kèlkeswa kote ou vwayaje, machin oblije evite gwo tonton twou. Kawoutchou, chòk ak aliman fini pou soti Glen Cove rive Montauk. Lajan sa yo pral lanse pwosesis reparasyon wout kraze sa yo epi ede mete plis sekirite ak rann wout la pi fasil pou machin woule”

Senatè Kenneth LaValle te di konsa, “Wout Long Island sibi gwo domaj nan michan siklòn ivè a. Sekirite chofè sou wout kraze sa yo rete yon gwo priyorite. Mwen kontan Gouvènè a pran angajman pou l akselere pwojè Flanders Road la sezon sa, paske li se yon wout enpòtan ki bezwen reparasyon ak revètman san pèdi tan pou asire sekirite piblik.”

Senatè Jack M. Martins te di konsa, “Se yon investisman entelijan ki nesèsè anpil nan enfrastrikti nou yo. Apre michan ivè ane sa, anpil nan wout nou yo tèlman gen anpil twou yo sanble ak sifas lalin. Investisman eta a fè a pral amelyore pou anpil kalite lavi plizyè dizèn milye chofè ki itilize wout sa yo chak jou. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li konprann nesosite ki genyen an epi pou l fè reparasyon sa yo tounen priyorite.”

Senatè Kemp Hannon te di konsa, “M ap remèsye Gouvènè a ki vin akselere bourad lajan pou reparasyon pi move wout nou yo pandan sezon konstriksyon sa. Se vre ivè toujou deteryore wout nou yo, men ivè ki sot pase a te kraze pliz ankò. Akselerasyon nan bourad lajan sa pral pèmèt anpil reparasyon ki nesèsè fèt atan.”

Senatè John Flanagan te di konsa, “Ivè ki sot pase a pa te bon menm pou wout nou yo epi bay moun Long Island ak machin yo anpil pwoblèm. Akselerasyon pwojè reparasyon revètman wout yo pèmèt NYSDOT fè reparasyon ki nesèsè anpil yo atan pou gwo sezon vwayaj ete kap vini an. Sa pral rann vwayaj sou Long Island gen mwens danje epi vin pi agreyab pou rezidan nou yo ak vizitè nan zòn nan, epi pral nan avantaj ekonomi rejyon nou an.”

Manm Asanble Thomas McKeivitt te di konsa, “Ivè ki sot pase a se youn nan pi gwo toll sou wout nou yon an listwa resan. Mwen kontan Depatman Transpò ap akselere kalandriye revètman li a pou repare wout yo nan eta rezidan nou yo ap espere.”

Manm Asanble Fred Thiele te di konsa, “Mwen felisite Gouvènè Cuomo ak Depatman Transpò pou akselerasyon revètman ki nesèsè anpil sa sou State Route 24 nan Flanders. Pandan lane ki sot pase a, Senatè LaValle ak mwen te chèche pwojè kapital sa ki se yon gwo nesèsite. Anpis, lè n konsidere aksidan mòtèl sou wout la nan kòmansman ane a, li te obligatwa pou pwojè sa vanse pou pwoteje sekirite pou moun kap kondi yo. Mwen kontan pou m fè konnen pwojè enpòtan anpil sa pral kòmanse nan fen ane sa.”

Manm Asanble Montesano te di konsa, “Mwen kontan anpil Gouvènè Cuomo mete lajan sa disponib pou akselere reparasyon wout epi retounen yo nan eta yo te ye anvan siklòn apre michan ivè lane pase a.”

Manm Asanble Andrew Raia te di konsa, “Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a ak Depatman Transpò NYS a dèske li rekonèt seksyon 25A bon jan bezwen revètman, sitou apre ivè michan ak long sa epi mwen apresye pou m wè yo vanse dat travay reyabilitasyon an nan sezon konstriksyon sa.”

Manm Asanble Charles Lavine te di konsa, “Anons Gouvènè a Long Island pral jwenn lajan pwojè wout ki se yon gwo nesèsite pa te ka vini nan yon pi bon moman pase sa. Deteryorasyon ki genyen sou prensipal otowout yo ansanm ak wout lokal yo vin pi mal depi nan Sipè Ouragan Sandy epi te kontinye ak youn nan pi move ivè nan istwa nou. Mwen remèsye Gouvènè a pou poutèt li rekonèt enpòtans vital wout yo pou rejyon sa ak estabilite ekonomi li.”

Manm Asanble Harvey Weisenberg te di konsa, “Seksyon wout sa se yon pwoblèm sekirite depi plizyè lane epi onon pil ak pakèt votan mwen yo kap vwayaje sou wout sa chak jou, mwen apresye anpil pou m wè Gouvènè a ak DOT eta nou an ap bay resous pou rezoud pwoblèm nan.”

Manm Asanble Chad Lupinacci te di konsa, “Antretyen enfrastrikti nou yo, sitou Route 25A, enpòtan anpil pou fanmi nan zòn nan. Kesewa se pou mache, rive nan lekòl oubyen fè nenpòt nan anpil depلاسman ki pou fèt nan lavi chak jou, sa pa ka fè san bon jan kalite wout lokal. Mwen kontan anpil pou m mete ak gouvènè a pou anonse bourad lajan pou reparasyon sou Route 25A epi mwen menm, menm jan ak lòt moun, espere reyalizasyon reparasyon sa yo.”

Manm Asanble Michael J. Fritzpatrick te di konsa, “Mwen vle remèsye Gouvènè a pou akselerasyon pwojè sa yo. Wout nou yo bezwen gwo reparasyon apre yon michan ivè.”

Egzekitif Konte Nassau Ed Mangano te deklare, “Ivè sa kraze wout nou yo nan tout rejyon an. Evestisman Gouvènè Cuomo nan reparasyon twou nesèsè anpil epi pral ede amelyore sekirite wout yo. M ankouraje rezidan rapòte twou ki genyen atravè telechajman aplikasyon NassauNow sou telefòn entelijan oubyen tablèt yo, oubyen nan nimewo telefòn (516) 571-6900.”

Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te di konsa, “Nou dwe kontinye envesti nan enfrastrikti nou yo pou kenbe kominote nou yo solid ak plis sekirite sou tout wout nou yo pandan dyòb ki nesèsè anpil nan konstriksyon ap kreye isit nan Konte Suffolk ak nan tout Eta New York. Bourad lajan Gouvènè Cuomo a pral akselere pwojè nan zòn ki pi kraze yo epi fè yon enpak dirab nan kalite wout nou yo ak nan kalite lavi rezidan nou yo.”

Konstriksyon sou wout annapre yo pral kòmanse otòn sa:

- Long Island Expressway (LIE/I-495) eastbound and westbound mainline between exits 37 and 46 in the towns of North Hempstead and Oyster Bay, Nassau County;
- Northern State Parkway (NSP) between the Wantagh State Parkway (WSP) and the LIE, in the Town of Hempstead, Nassau County;
- Meadowbrook State Parkway (MSP) between Glenn Curtis Boulevard and the NSP in the Town of Hempstead, Nassau County;
- NY Route 24/Hempstead Turnpike between the MSP and NY Route 110 in the towns of Hempstead and Oyster Bay, Nassau and Suffolk counties;
- NY Route 25A between the Nassau/Suffolk border and Bread and Cheese Hollow Road in the Town of Huntington, Suffolk County;
- NY Route 24/Flanders Road between County Roads 104/63 and Bellows Pond Road in the Town of Southampton, Suffolk County;
- NY Route 25A ant NY Route 111 ak Edgewood Avenue nan Vilf Smithtown, Konte Suffolk;
- NY Route 25 ant Kings Park Road ak NY Route 111 nan Vil Smithtown, Konte Suffolk;
- Simeon Woods Road ant LIE ak Kings Highway nan Vil Smithtown, Konte Suffolk;
- NY Route 25/Jericho Turnpike ant NY Routes 106/107 ak Robbins Lane, Vil Oyster Bay, Konte Nassau;
- NY Route 25/Jericho Turnpike ant Brush Hollow Road ak Jericho Quadrangle East nan Vil Oyster Bay, Konte Nassau;
- NY Route 878/Nassau Expressway ant Burnside Avenue ak Rockaway Turnpike nan Vil Hempstead, Konte Nassau;

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon ak vwayaj, chofè dwe rele 511 oubyen ale sou [www.511NY.org](http://www.511NY.org).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Haitian Creole